

Ki nòm aprantisaj pwochen jenerasyon yo?

Estanda Aprantisaj Pwochen Jenerasyon yo se objektif edikatif pou tout elèv Eta New York yo soti nan klas matènèl jiska klas 12^{yèm} ane nan Ar Lang ak Matematik.

Poukisa yo te revize estanda yo?

Yo te revize nòm yo pou asire yo apwopriye pou nivo klas elèv yo epi reflète sa elèv yo ta dwe konnen epi yo dwe kapab fè nan matematik ak ELA.

Kilè y ap aplike Nòm Pwochen Jenerasyon yo?

Enplemantasyon konplè Nòm Aprantisaj Pwochen Jenerasyon Eta New York kòmanse pandan ane eskolè 2020-2021 pou klas matènèl jiska 8^{yèm} ane. Ou ka jwenn [kalandriye aplikasyon](#) an nan <http://www.nysed.gov/curriculum-instruction/next-generation-learning-standards-and-assessment-implementation-timeline/>.

Kijan yo pral evalye estanda yo?

Pandan ke pwofesè yo evalye estanda chak jou nan salklas yo, yo pral evalye elèv yo tou nan Nòm Aprantisaj Pwochen Jenerasyon yo apati prentan 2021 nan Evalyasyon ELA ak Matematik Eta Nouyòk nan Klas 3^{yèm}-8^{yèm} ane.

Kijan mwen ka aprann plis?

Ou ka aprann plis sou [Nòm aprantisaj ELA ak Matematik pwochen jenerasyon an](#) lè ou pale avèk pwofesè pitit ou oswa vizite www.nysed.gov/next-generation-learning-standards.

Resous Paran

Sipòte Aprantisaj Lakay



[Estanda Aprantisaj Pwochen Jenerasyon nan Ar Lang Angle & Matematik](http://www.nysed.gov/next-generation-learning-standards)

www.nysed.gov/next-generation-learning-standards

[Resous Paran Asosyasyon Pwofesè Paran \(PTA\) nan Eta New York](http://nyspta.org/home/parent-resources/)

nyspta.org/home/parent-resources/

[Resous pou Paran Elèv ki gen Andikap yo](http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/parents.htm)

www.p12.nysed.gov/specialed/quality/parents.htm

[Resous pou Paran Moun kap aprann plizyè lang /Lang Angle](http://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources)

www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources

[Biwo Pwogram ak Enstriksyon Depatman Edikasyon Eta New York](http://www.nysed.gov/curriculum-instruction)

www.nysed.gov/curriculum-instruction

Imèl: EMSCURRIC@nysed.gov

Telefòn: (518) 474-5922




Yon Gid Paran nan Eta New York Pwochen Jenerasyon sou Nòm Aprantisaj nan ELA & Matematik



Estanda ak Aprantisaj nan salklas pitit mwen an

Aprantisaj elèv yo pi byen sipòte lè objektif yo byen defini. Modèl ki anba a montre kijan pati enpòtan nan aprantisaj travay ansanm. Konsantre santral la, aprantisaj elèv la, depann de pwogram, ansèyman, ak evalyasyon. Estanda aprantisaj yo reprezante konesans ak ladrès jeneral elèv yo bezwen aprann nan fen chak ane lekòl.



<p>Estanda yo (Standards) <i>“Ki sa nou bezwen aprann?”</i></p>	<p>Estanda yo se:</p> <ul style="list-style-type: none"> • objektif pou Elèv Eta New York • òganize pa matyè ak nivo klas yo • aprantisaj la gen entansyon pou akonpli nan fen yon ane lekòl espesifik • Konsèy Regents Eta New York la apwouve (New York Board of Regents) <p><i>Egzanp yon Estanda Matematik Matènèl: Double ak pwolonje modèl senp lè w sèvi avèk objè konkrè. Egzanp: Blòk ki gen koulè oswa mozaik.</i></p>
---	--

<p>Pwogram detid lan (Curriculum) <i>“Kisa nap aprann?”</i></p>	<p>Pwogram detid lan se:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kontni, konsèp, ak konpetans etidyan yo pral aprann pou pèmèt yo reponn a estanda yo • distri lekòl yo detèmine <p><i>Egzanp: inite etid devlope lokalman, tankou yon inite sou pwezi oswa multiplikasyon nonb de chif.</i></p>
---	---

<p>Enstriksyon (Instruction) <i>“Kijan nap aprann?”</i></p>	<p>Enstriksyon an se:</p> <ul style="list-style-type: none"> • apwòch ak estrateji yon edikatè chwazi pou anseye pwogram lan • baze sou bezwen elèv yo • pwofesè salklas ak distri yo detèmine <p><i>Egzanp: enstriksyon an ti gwoup oswa ansèyman koperativ</i></p>
---	---

<p>Evalyasyon (Assessment) <i>“Kisa nou te aprann?”</i> <i>“Kisa nou ta dwe fè apre?”</i></p>	<p>Evalyasyon yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • se pwosesis yo itilize pou aprann sou pwogrè elèv la • gide ak enfòmè ansèyman • se distri lokal yo ak/oswa pwofesè ki detèmine ansanm avèk Eta New York <p>* Eta New York administre:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Evalyasyon ELA ak Matematik nan Klas 3^{yèm} - 8^{yèm} Ane ▪ Evalyasyon Syans nan Klas 4^{yèm} & 8^{yèm} Ane ▪ Egzamen Regent ▪ English as a Second Language Achievement Test (NYSESLAT) ▪ Alternate Assessment (NYSAA) <p><i>Egzanp: obsèvasyon nan salklas yon elèv ki rekonèt modèl oswa analize echantiyon ekriti yon elèv nan salklas la</i></p>
--	--